

urban  advantage


science initiative

gid pou fanmi

2019-2020

Yon bon opòtinite pou fè eksplorasyon syans avèk pitit ou a nan zoo, mize, jaden botanik ak akwaryòm nan Vil Nouyòk gratis.

[urbanadvantagenyc.org](http://urbanadvantagenyc.org)



## Chè fanmi Urban Advantage,

Konpliman! Lekòl pitit ou a ap patisipe nan Urban Advantage- yon inisyativ syans enteresan nan lekòl. Se yon bon opòtinite pou pitit ou a fè eksperyans enstitisyon kiltirèl ki gen anpil aktivite syans ak patisipe nan eksperyans syans andeyò lekòl la. Ansanm avèk pitit ou a, tout fanmi an ap gen opòtinite pou apresye mize, zoo, jaden botanik ak akwaryòm Vil Nouyòk. Tiliv sa a dekri pwogram lan epi li eksplike kòman fanmi ka pran avantaj antre GRATIS nan nenpòt nan uit nan enstitisyon kiltirèl ki plen avèk aktivite syans sa yo.

### Kisa Urban Advantage ye?

Urban Advantage se yon pwogram ki nan tout Vil la pou sipòte edikasyon ak rechèch syans. Urban Advantage konekte lekòl, pwofesè, elèv ak fanmi avèk plezi pou dekouvri fè syantifik ak konesans ki fèt nan uit enstitisyon kiltirèl byen renome pou aktivite syans.

Anplis antre gratis Urban Advantage ofri pou elèv ak fanmi yo, nou prepare pwofesè syans pou itilize mize, zoo, jaden botanik ak akwaryòm Vil Nouyòk pou fè rechèch syans, epi nou founi lekòl k ap patisipe yo ekipman ak materyèl pou ede elèv kontinye pwojè yo nan salklas la.



### Ki kote nou ka vizite? Ki bò yo ye? Uit

enstitisyon k ap kolabore avèk Urban Advantage la nan tout senk Borough yo se; American Museum of Natural History, Bronx Zoo, Brooklyn Botanic Garden, New York Aquarium, New York Botanical Garden, New York Hall of Science, Queens Botanical Garden ak Staten Island Zoo. Nan tiliv sa a, w ap jwenn detay sou lè, kontak ak sou admisyon, ak enfòmasyon sou èd pou elèv nan chak

enstitisyon. **Sonje:**  
Ou sipoze vini avèk yon pas pou ka antre gratis la.



### Kisa enstitisyon sa yo ofri?

Enstitisyon kiltirèl renome mondyal Nouyòk yo se bon kote pou vizite, amize w ak fè aktivite syans. Paegzanp:

- Grenpe yon kokenn twal areye 3-D oswa glise nan glisye nan Lakou syans nan **New York Hall of Science** pou eksplòre syans fizik.
- Fè yon "vizit ekolojik" mond lan nan konsèvatwa **New York Botanical Garden**, oswa dekouvri forè antik natifnatal ki sou 250 acre tè.
- Nan **Staten Island Zoo**, eksplòre divèsite reptil ak anfibyen ki genyen nan Seksyon Reptil la oswa fè yon pwomnad atravè Forè twopikal la pou obsève makak, chòvsouri ak zwazo. Apresye baskou a epi bay bèt manje!
- Kòman nouvo *Sant vizitè ak administrasyon* ki fèt pou pwoteje anviwònman an "green" an nan **Queens Botanical Garden** itilize 40% mwens enèji ak 80% mwens dlo pase bilding tradisyonèl ki menm gwosè avèk li? Vizite QBG pou jwenn repons sa a ak lòt ankò.

- Tcheke **American Museum of Natural History** si pitit ou a renmen wòch ak planèt oswa si li vle wè kisa ki nouvo nan lesplas.
- Amize w avèk koleksyon espesyal ki nan **Brooklyn Botanic Garden**, soti nan ti pyebwa bonsai rive nan gwo pyebwa erab, oswa vizite divès abita nan Steinhardt Conservatory.
- Vizite pi gwo zoo nan vil ki nan Amerika epi rive tou pre plis pase 600 espès sou latè ki nan **Bronx Zoo**. Rankontre bèt, zwazo, reptil, ensèk ak lòt bèt ankò.
- Plonje fanmi nan syans marin kote w ap wè pwason divès bèl koulè, pengwen k ap danse, gwo mòs ak plis ankò nan **New York Aquarium**. Asire w tou ou tcheke nouvo Ocean Wonders: Reken! Ekspozisyon.

Epi sa se twòkèt la. Kèlkeswa kote ou ale a, gen garanti ke fanmi w ap jwenn festival, aktivite ak pwogram espesyal, ak yon pakèt bagay pou gade ak pou fè. Ale nan sitwèb UA a nan [www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou seksyon 'Plan Your Trip' pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ak aktivite espesyal!

#### **Konbyen kote nou ka vizite?**

Elèv Urban Advantage resevwa **de (2) elèv + 3 kupon pou antre gratis** nan nenpòt nan mize, zoo, jaden botanik, ak akwaryòm k ap patisipe yo. Chak kupon yo valab pou yon elèv ak jiska **3 envite**. Youn nan envite yo dwe se yon adilt. Pwofesè syans pitit ou a oswa koòdonatè paran an kapab ede planifye vizit ou yo ak reponn kesyon osijè pas yo.

#### **Kisa yon pwomnad lekòl kominote ye?**

Lekòl Urban Advantage yo òganize pwomnad lekòl kominote nan youn nan enstitisyon yo pandan wikenn oswa jou ki pa gen lekòl. Yo bay transpò ak antre gratis. Tanpri pran enfòmasyon nan men pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran an sou Pwomnad lekòl kominote lekòl yo!

#### **Èske enstitisyon yo ka ede pitit mwen an ak rechèch syantifik alontèm?**

Wi! Elèv ka ale sou sitwèb UA [www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

#### **Èske gen evènman Urban Advantage ki espesyal? Wi!**

Nou atann yon ane enteresan, epi pou nou wè espesyalman rechèch syantifik alontèm pitit ou a nan **ekspozisyon syans Urban Advantage la samdi 6 jen 2020** nan *American Museum of Natural History*.

Ekspozisyon an bay elèv yo chans pou montre fanmi, zanmi ak piblik la travay yo fè. W ap resevwa yon afich sou ekspozisyon an nan lekòl pitit ou a nan prentan an.



## Kijan mwen ka ede edikasyon syans pitit mwen an?

### Lakay:

- Ankouraje pitit ou pou obsève, poze kesyon ak fè plis eksperyans sou sa yo konprann nan syans.
- Pèmèt pitit ou plis opòtinite pou aprann syans lakay li ak nan kominote a atravè aktivite deyò, pwomnad nan pak, mize zoo ak akwaryòm, jaden, sant nati, ak lòt kote ki plen avèk aktivite syans nan kominote w la.
- Planifye vizit nan enstitisyon Urban Advantage dapre sa pitit ou a renmen, kiryozi ou oswa bezwen l pou kolekte done oswa enfòmasyon pou rechèch syantifik alontèm li a.
- Mennen pitit ou a nan bibliyotèk pou l li ak pou l fè rechèch sou syans. Liv, jounal ak magazin, tankou *National Wildlife* oswa *Natural History*, se bon sous enfòmasyon.

### Tounen yon patnè nan edikasyon pitit ou:

- Kominike avèk pitit ou ak pwofesè li regilyèman.
- Fè volonte nan pwomnad.
- Ale nan jounen pòt ouvè (Open house) ak sware syans fanmi. Pale avèk pitit ou a pou wè kòman rechèch syantifik alontèm li an ap mache.

### Kijan Urban Advantage ka ede?

- Itilize kupon pou elèv ak fanmi pou vizit GRATIS yo nan nenpòt de nan enstitisyon UA yo. Si w gen nenpòt kesyon, pale avèk pwofesè syans pitit ou a.
- Poze pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran an kesyon sou pwomnad UA gratis lekòl kominote yo nan zoo, mize, akwaryòm oswa jaden botanik. **Pwomnad kominote lekòl yo gen ladan transpò gratis ak antre gratis nan enstitisyon patnè UA yo.**
- Ale sou sitwèb UA a [www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) pou jwenn plis enfòmasyon sou rechèch syantifik alontèm ak pou ka konnen pwogram ak ekspozisyon ki gen nan uit enstitisyon patnè Urban Advantage yo. Gen èd disponib pou rechèch syantifik endividyèl alontèm.
- **Pa imèl:** Ale sou sitwèb UA [www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

## Kòman mwen ka jwenn enfòmasyon sou enstitisyon yo pou mwen ka planifye vizit Urban Advantage yo?

**American Museum of Natural History**  
[amnh.org](http://amnh.org)

**Telefòn:** 212-769-5100

**Lè :** Chak jou 10:00 a.m. – 5:45 p.m., fèmèn jou Thanksgiving ak pou Nwèl.

**Enfòmasyon sou kupon:** Kupon pas yo valab pou admisyon jeneral plis yon egzibisyon espesyal IMAX Film, oswa Space Show. Kupon **pa** kouvri paking machin.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA [www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.





## Bronx Zoo

[bronxzoo.com](http://bronxzoo.com)

**Telefòn:** 718-220-5100

**Lè :** Ouvri chak jou a 10:00 a.m. Lè yo fèmen an varye dapre sezon an.

Zoo a fèmen jou Thanksgiving, Nwèl, Joudlan ak jou selebrasyon Martin Luther King Jr.

**Enfòmasyon sou kupon:** Kupon yo valab pou yon elèv UA ak pou jiska 3 lòt moun, anplis admisyon pou youn nan ekspozisyon peye sa yo: Jungle World (tout ane a), Wild Asia Monorail (Mas-Oktòb), Butterfly Garden (Avril-Oktòb), oswa Congo Gorilla Forest (Avril-Desanm). Frè parking pa ladan l.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA

[www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

## Brooklyn Botanic Garden

[bbg.org](http://bbg.org)

**Telefòn:** 718-623-7200

**Lè :** Mas-Oktòb

Madi - Vandredi: 8 a.m. rive 6 p.m. Samdi ak

Dimanch: 10 a.m. rive 6 p.m.

Fèmen jou lendi (men ouvri Jou Memorial Day ak Columbus Day, 10 a.m. rive 6 p.m.)

Fèmen Labor Day

Novanm

Madi - Vandredi: 8 AM–4:30 PM; Samdi ak

Dimanch: 10 AM–4:30 PM

Desanm–Fevriye: Madi -

Vandredi: 8 a.m. to 04:30 p.m.

Samdi ak Dimanch: 10 a.m. to 04:30 p.m.

**Fèmen jou lendi (men ouvri jou fèt Veteran, Fèt Martin Luther King Jr. ak Presidents Day, 10 a.m. rive 4:30 p.m.)**

**Enfòmasyon sou kupon:** Tanpri tcheke

[www.bbg.org](http://www.bbg.org) sou enfòmasyon pou koleksyon

plant, espesyalite sezon, ak ekspozisyon

espesyal, tankou Chile Pepper Festival nan sezon

otòn lan ak Sakura Matsuri, Cherry Blossom

Festival, nan sezon prentan an.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA

[www.urbandvantagenyc.org](http://www.urbandvantagenyc.org) epi klike sou antèt

"Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl

sou èd nan rechèch syantifik alontèm.





Julie Larsen Maher ©WCS

## New York Botanical Garden

[nybg.org](http://nybg.org)

**Telefòn:** 718-817-8700

**Lè :** Ouvri madi rive dimanch a 10:00 a.m. Lè yo fèmen an varye dapre sezon an.

Fèmen lè lendi (eksepte lendi ak fèt federal) ak jou Thanksgiving ak Nwèl.

**Enfòmasyon sou kupon:** Gen frè anplis pou parking.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA [www.urbanadvantagenyc.org](http://www.urbanadvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

## New York Aquarium

[nyaquarium.com](http://nyaquarium.com)

**Telefòn:** 718-265-FISH (3474)

**Lè :** Ouvri chak jou a 10:00 a.m. Lè yo fèmen an varye dapre sezon an.

**Enfòmasyon sou kupon:** Gen frè anplis pou parking.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA [www.urbanadvantagenyc.org](http://www.urbanadvantagenyc.org) epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.





## New York Hall of Science

[nysci.org](http://nysci.org)

**Telefòn:** 718-699-0005

**Lè :** Lendi rive vandredi, 9:30 a.m. – 5:00 p.m.  
Samdi ak Dimanch, 10:00 a.m. – 6:00 p.m.

Nou ouvri lè jou fèt eksepte jou Thanksgiving, Nwèl ak Labor Day.

**Enfòmasyon sou kupon:** Kupon an valab pou admisyon elèv la ak jiska twa manm fanmi NYSCI ak Design Lab.

**Èd pou elèv:**

Ale sou sitwèb UA [www.urbanadvantagenyc.org](http://www.urbanadvantagenyc.org) epi klike sou antèt “Do Science” pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

## Queens Botanical Garden

[queensbotanical.org](http://queensbotanical.org)

**Telefòn:** 718-886-3800

**Lè :** 1ye novanm rive 30 mas: Madi rive Dimanch, 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.

1ye Avril rive 30 Oktòb Madi rive Dimanch, 8:00 a.m. rive 06:00 p.m.

Ouvè pou bibliik la lè lendi ki pa fèt federal.

**Enfòmasyon sou kupon:** Yo egzijè kupon pou rantre ant 1ye avril ak 1ye oktòb epi ou ta dwe prezante yo nan antre Main Street oswa nan antre ki sou Parking Garden lan. Antre ki bay sou jaden an gratis ant 1ye novanm ak 30 mas men kupon yo valab pou kèk evènman espesyal.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb UA

[www.urbanadvantagenyc.org](http://www.urbanadvantagenyc.org) epi klike sou antèt “Do Science” pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.



## Staten Island Zoo

[statenislandzoo.org](http://statenislandzoo.org)

**Telefòn:** 718-442-3101

**Lè :** Chak jou, 10:00 a.m. – 4:45 p.m.

Fèmèn jou Thanksgiving, Nwèl ak Joudlan.

**Enfòmasyon sou kupon:** Itilize kupon pas la nan nenpòt baryè antre yo pou jiska kat vizitè. Paking nan Clove Road la gratis.

**Èd pou elèv:** Ale sou sitwèb Urban Advantage la nan [www.urbanadvantagenyc.org](http://www.urbanadvantagenyc.org) epi klike sou antèt envestigasyon syans alontèm lan pou jwenn yon link fòm pou imèl sou èd nan rechèch syantifik alontèm.

# Patnè Urban Advantage



New York Hall of Science



Pwogram Urban Advantage la jwenn sipò piblik nan Speaker and Council of the City of New York, and the New York City Department of Education.



The Council of the City of New York